

## Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt – Kesyon Moun Poze Pi Souvan

### Mwen te abite nan yon zòn evakyasyon e kounyeya mwen nan yon zòn planifikasyon ond tanpèt, ki deferans sa genyen?

Yon Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt se yon zòn nan Konte Miami-Dade ki kapab potansyèlman enpakte ak yon ond tanpèt 1,5 pye oswa pi wo pou yon siklòn. Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt la idantifye rezidan ki ka oblije evakye oswa pran refij sou plas (tankou lòt moun nan Konte a) epi yo dwe kreye yon plan pou ijans pou toude senaryo yo. Yon Zòn Evakyasyon se yon zòn ki va egzije moun nan zòn yo deplase anba yon lòd evakyasyon pou yon tanpèt k'ap valse epi se va yon pati, si se pa tout Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt ki etabli a.

Pa egzanp, si yo prevwa yon Siklòn Kategori 2 pral frape Konte Miami-Dade, yap avize rezidan Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt A ak B yo pou prepare yo pou evakyasyon. Pandan ke tanpèt la ap pwoche epi plis enfòmasyon vin disponib sou kikote siklòn lan ka frappe, Konte a ka bay lòd pou tout Zòn A ak tout Zòn B evakye. Toujou swiv lòd evakyasyon Konte a.

### Kijan Zòn Inondasyon yo Diferan de Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt yo?

Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt yo byen diferan de Kat Jewografik pou Asirans inondasyon 100 ane FEMA a. Kat Jewografik 100 ane-a ekstrèmman konsèvatif an konparezon ak kat jewografik vag mare yo. Si ou vilnerab a inondasyon vag mare siklòn ak/oswa evennman inondasyon 100 ane yo, ou dwe panse a achte asirans inondasyon. Ou pa oblije andedan plèn inondasyon 100 ane a pou ou enpakte pa inondasyon vag mare siklòn!

Zòn inondasyon yo se de zòn ke FEMA trase pou itilize nan Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an. Chak zòn ki deziyen kòm zòn inondasyon, reprezante pa youn oswa plizyè lèt, ki di pwopriyetè yo egzaktman ki kalite risk ki genyen pou kay yo an inonde okou yon peryòd en (1) ane, kèlkeswa sa ki lakòz li. Dapre lalwa, tout kay ki nan zòn ki gen gwo risk yo ki gen ipotèk fèt pou gen asirans inondasyon. Pou plis enfòmasyon sou zòn inondasyon yo ale sou: <http://www.floodsmart.gov>

Sepandan, Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt yo baze sou ond tanpèt ki detèmine pa Sant Nasyonal Siklòn ki sèvi ak elevasyon tè a ak vilnerabilite zòn yo pa rapò ak dlo ki soti nan lak yo oswa lanmè yo ke siklòn pouse vin sou tè. Zòn planifikasyon tanpèt la make de A a E.

Zòn inondasyon yo ak Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt yo detèmine pa de metòd diferan epi yo gen objektif diferan. Yon kay gendwa pa sitiye nan yon zòn planifikasyon ond tanpèt, men li sitiye kanmenm nan yon zòn inondasyon baze sou elevasyon debaz inondasyon yon pwopriyete. Rezidan yo dwe verifye toude zòn yo.

Yon bagay impòtan pou sonje sèke asirans kay yo pa kouvri pèt ki fèt nan inondasyon. Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an mete disponib a rezidan ak mèt biznis yo asirans ke gouvènman federal la garanti. Nenpòt dega inondasyon ke asirans la kouvri – ke se yon dezaz ki deklare kòm yon dezaz federal ou pa – l'ap ranbouse dapre limit kontra asirans la, ki ka gen ladan li domaj estriktirèl oswa pèt kontni.

### Èske sa ap afekte estimasyon mwen pou asirans kont inondasyon?

Non, fason ke Konte Miami-Dade endike zòn planifikasyon ond tanpèt yo pa gen okenn rapò ak to asirans yo. Chanjman nan zòn planifikasyon ond tanpèt ou yo pa gen OKENN enpak sou zòn inondasyon yo oswa sou asirans kont inondasyon, ki detèmine ak jere pa FEMA ak Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an.

## Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt – Kesyon Moun Poze Pi Souvan

### Kouman pou'm fè jwenn Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt mwen?

1. Ale sou [www.miamidade.gov](http://www.miamidade.gov) (Sèvis ki tou pre w) – Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt
2. Rele 3-1-1
3. Gid Siklòn (disponib nan biwo komisyon w, City Hall (minisipal), Bibliyotèk Konte yo)
4. Rele Jesyon Dijans Miami-Dade nan 305-468-5400

### Pwopriyete mwen nan yon nivo ki ase elve e mwen pa wè kouman pou yon tapèt ta frappe li. Poukisa mwen oblije evakye?

Fonksyonè Jesyon Dijans yo travay pou anpeche mete rezidan yo nan sitiyaasyon kote dlo kapab izole yo – kreye yon zile. Pa konsekan, yo deside bay kèk mòso tè ki sou wot elevasyon menm nivo evakyasyon ak teren ki ozalantou li yo.

### Mwen abite nan Konte Miami-Dade tout lavi mwen e mwen pat janm oblije evakye anvan sa. Poukisa kounyeya?

Fonksyonè Jesyon Dijans yo resaman sot acheve yon etid itilize nouvo teknoloji pou detèmine ak plis egzaktitid enpak potansyèl yon ond tanpèt. Rezilta etid la montre plis zòn nan konte Miami-Dade ki gen risk pou ond tanpèt. Nou re-defini zòn yo nan konte a ki dwe planifye pou evakyasyon ak pwoteksyon pwopriyete. Li trè enpòtan pou note ke zòn egzak ki pou evakye yo pou yon siklòn k'ap pwoche va depann de fòs tanpèt la, kikote l'ap soti, epi ak ki vitès l'ap pwoche. Chak tanpèt diferan epi zòn ki anba lòd evakyasyon yo kapab ajiste. Pa gen okenn tanpèt ki ka menase tout zòn yo konplètman; men chak zòn nan zòn ond la an danje nan omwen youn (1) nan senaryo posib tanpèt yo.

Rezon ke nou fè evakye sèten zòn se pou nou kapab fè moun deplase kite zòn kote ap gen inondasyon kote lanmè a ap monte sibitman pandan tanpèt la. Li posib ke li ka nesese pou evakye zòn ki gen tandans gen inondasyon yo oswa zòn ki pa gen elevasyon epi ki bò dlo, tankou, kannal, oswa lòt kalite dlo.

### Mwen abite nan yon karavān rezidansyèl, men nou nan yon zòn ki pa mande evakyasyon. Èske nou oblije evakye?

Wi, tout moun ki abite nan karavān rezidansyèl yo oblije evakye depi yo jwenn nenpòt lòd evakyasyon, kèlkeswa nan ki zòn planifikasyon ond tanpèt yo ye. Sa pa chanje depi dènye ane yo. Karavān rezidansyèl yo pa konsidere an sekirite pou siviv menm gwo tanpèt twopikal.

### Alò, ki nivo presizyon dekoupaj kat sa yo?

Kat katografik yo osi kòrèk e egzak ke teknoloji aktyèl yo kapab fè yo. Pandan ke y'ap mete ajou ak rafine done enfòmasyon sou ond tanpèt yo nan lavni, Konte a enkòpore chanjman sila yo pou kontinye amelyore pwosesis pou detèmine Zòn Planifikasyon Ond tanpèt yo.

### Kisa mwen dwe prepare pou yon siklòn?

Finalize plan preparasyon siklòn fanmi ou kounyeya. Konnen zòn planifikasyon ou epi prepare w pou w kite si li egzib pou evakye.

## Zòn Planifikasyon Ond Tanpèt – Kesyon Moun Poze Pi Souvan

### Kiyès k'ap bay yon lòd evakyasyon?

Majistra Konte Miami-Dade la ap bay yon lòd evakyasyon baze sou kondisyon meteyolojik ki antisipe yo ak sou rekòmasyon pèsònèl sekirite piblik yo.

### Si zòn planifikasyon mwen an ap evakye, kouman e kilè y'ap avize mwen?

Nou prevwa sèvi ak tout medya yo ansanm ak lòt mwayen notifikasyon. Pa egzanp, radyo ak televizyon yo ap anonse enfòmasyon ijans yo. Ou ka enskri pou jwenn notifikasyon sou ijans pa sistèm notifikasyon ijans Konte a (Miami-Dade Alerts).

### Mwen gen yon enfimite e mwen pa kondwi. Kouman m'ap fè evakye si yo di pou'm evakye? Èske Konte a ap ba mwen transpòtasyon?

Wi, Pwogram Asistans Evakyasyon Ijans Konte Miami-Dade la (EEAP) bay asistans evakyasyon a moun ki abite nan yon zòn evakyasyon epi ki ka bezwen asistans transpò espesyalize oswa ki gen bezwen medikal ki anpeche yo evakye poukont yo.

### Èske Konte a ap ba mwen transpòtasyon pou'm evakye?

Wi, Miami-Dade Transit ap bay asistans pou evakyasyon itilize kèk arè otobis ki la deja yo ki deziyen pou sa. Nou ka idantifye kote y'ap pase pran moun pou evakye yo lè nou wè siy evakyasyon sa-a afiche.



N'ap jwenn yon lis tout pwen kote y'ap pase pran moun pou evakyasyon yo nan:

<http://www.miamidade.gov/fire/evacuations.asp>.

### Èske Konte Miami-Dade genabri si nou oblije evakye oswa demenaje?

Wi, Jesyon Ijans Konte Miami-Dade fè li patnè ak Miami-Dade Public Schools ak Lakwa Wouj Amerikèn pou opere Sant Evakyasyon Siklòn yo. Sant Evakyasyon siklòn yo bay refij kòm dènye rekou pou moun ki bezwen evakye e ki pa kapab fè pwòp aranjman evakyasyon yo. N'ap jwenn yon lis sant potansyèl evakyasyon sou: <http://www.miamidade.gov/fire/evacuations.asp>. Se pa chak lokal k'ap ouvri pou chak evakyasyon! Tanpri rete branche sou radyo oswa televizyon lokal nou, oswa rele 3-1-1 (TDD (305) 468-5402) pou konnen ki sant ki ouvè lè yo bay lòd evakyasyon.

### Si yo bay yon lòd evakyasyon, kisa pou'm fè ak bèt lakay mwen?

Ou ka evakye ak bèt ou ale nan youn nan Sant Evakyasyon Siklòn andedan Konte a ki asepte bèt. Ouvèti Sant Evakyasyon Siklòn ki asepte bèt yo ap detèmine lè yo bay lòd evakyasyon. Gen plis enfòmasyon disponib sou Sant Evakyasyon Siklòn ki asepte bèt yo nan: <http://www.miamidade.gov/animals/disaster-preparedness.asp>.

### Èske wout evakyasyon yo idantifye ak siy pannkat?

Non, pwiske li enposib pou detèmine ki wout k'ap an sekirite pou fè yon evakyasyon anvan yon ensidan, pa gen siy pèmanan ki afiche. Y'ap bay enfòmasyon sou ki wout ki an sekirite pou pran lè Majistra-a bay lòd evakyasyon.